

# PrEP buñ mëna pikiir: Ab Téere tegtal ngir jëfandikukat



## PrEP ngir Fagaru ci VIH

Prophylaxie bunu teela jog (pre-exposure prophylaxis, PrEP) nekk na garab gu wóor te am baax ngir moytu VIH. Jàppandina ne doom yu nuy jël bes bu nekk wala nu koy pikiir ñaari weer yu nekk.


## PrEP buñ mëna pikiir

Sooy jël pikiiru PrEP ñaari weer yu nekk dina tax nga baña am VIH:

- Ci bépp xeetu sëy wala ci pikiir drog
- Ngir bépp góor wala jigéen wala jubluwaay ci wàllu awra

Defal pikiir yi niñu ko jàppee:

- Defal ab càmbar VIH, yeneen càmbar lab, ak sa pikiiru PrEP bu njëkk.
- Benn weer ci ginaaw nga defal ko ñaareelu pikiir.
- Ginaaw loolu nga jël benn pikiir ñaari weer yu nekk.



Dañu ko jëlee ci ViiV Healthcare's Apretude buy joxe leeral duggalal: [bit.ly/viiv-apretude](https://bit.ly/viiv-apretude)

**Pikir bu nekk dafay ànd ak cabotegravir (Apretude) buy yàgg liggéey, di ab garab PrEP. Dañu lay pikiir PrEP ci wetu pooj bi, ci suufu pooj bi. Xoolal misaal bi ci kaw.**

Ñaari weer yu nekk demal seeti sa fajkat.

- Jotal ab pikiiru PrEP.
- Deel faral di càmbar ndax amoo VIH wala yeneen feebar yu nuy am jëlee ko ci yeneen feebar yu nuy am jëlee ci awra (sexually transmitted infections, STIs).

Wax ko sa fajkat sudee:

- Mën na yeexal sa pikiir bu ci topp ngir bepp sabab
- Am nga benn sikki sakka ci des ci PrEP
- Soo amee yaram wu tàng, gland yu neewi, wala ay tëndandiir — loolu mën na nekk màndarga yi njëkka wane ni am nga VIH

**Medicaid ak assurance wérgi-yaram yu bari dañu wara fay PrEP te doo fay dara. Soo amee jafe-jafe ngir fay PrEP, waxtaanal ak sa fajkat mu xool ndax am na ndimmbalu xalis bu jàppandi ngir yaw.**


## Moytul ay Njumte ci PrEP

Defal pikiir yi ne ni ñu la ko bindalee ngir mëna am garab gu doy ci sa yaram ngir dakkal VIH.

- Sudee mën nga ñàkk pikiir bi ñu la tërëloona weesu benn ayu-bis, laajal sa fajkat mu jox la doom PrEP (cabotegravir). Ñaari weer ginaaw bi nga defee sa pikiir bu mujj, ngay naan benn doom bis bu nekk ba sa pikiir bu ci topp.

### Soo bàyyee jël pikiiru PrEP:

- Bariwaayu garab yi ci sa yaram dina dem ba wàññeeku ba mënu la tere am VIH.
- VIH mën na jafee faj sudee danga am VIH fekk sa tolluwaayu PrEP bi daa néew ci sa yaram
- Naanal doomu PrEP wala nga jëfandikoo kawas ngir moytu VIH, rawatina ci at yi nga bàyyi pikiiru PrEP.



Dañ ko jëlee ci BLUPrint Checklist for Counseling Patient on Safe Discontinuation of Cab-LA: [hivbluprint.org/cabla](http://hivbluprint.org/cabla)

## Waxal ci bépp Njeexital

Pikiir yi mën nañu indi lii ci barabu pikiir bi:

- Metit wu yàggul
- Neewi wala xonkaay

Garabi PrEP mën nañu indi ay njeexital yu woyof, lu ci melni:

- Xel mu teey
- Biir buy metti
- Coono
- Ay bopp yuy metti

Njexital yooyu dañuy faral di wér wala ñu jeex ginaaw pikiir yu néew yi njëkk. Waxal sa fajkat sudee njeexital yi danoo wéy di la sonal.

Soo amee metit wala neewi ci barabu pikiir bi, jëfandikoo kompres bu tàng, paketu glaas, wala garab guy faj metit wi (lumelni ibuprofen).

Soo amee jafe-jafe yu bawoo ci cabotegravir bi ñuy pikiir, mën nga naan doom cabotegravir 30 fan balaa ngay tàmbali pikiir PrEP.

## Moytul ci PrEP

- PrEP dafay wàññi risku am VIH ci diiru sèy lu tollu ci 99% soo ko jëlee ni ñu ko jàppee. Jëfandikoo kawas dafay gëna aar ci VIH.
- PrEP fagaru ci VIH kese. Ngir fagaru ci yeneen STI, deel faral di saytu STIs te ngay jëfandikoo kawas. Soo béggee fagaru ci ëmb, jëfandikool kawas wala leneen luy tere ëmb.

**PrEP du tere paj ormon wala benn xeetu soril njur. Soo ëmbee, jarul nga bàyyi jël PrEP.**

Ngir am ci yeneen leeral ak yeneen tegtali jëfandikukat, demal ci [nyc.gov/health/hiv](http://nyc.gov/health/hiv) wala nga eskane kodu QR bi.

